



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONPAYI FRANSE LA FERMIÈRE KONSTUI NOUVO ETABLISMAN PWODIKSYON 25 MILYON DOLA NAN KONTE GENESEE

Konpayi an ap konstui yon izin fabrikasyon yogout ak desè abaz pwodui letye 45,000 pye kare nan Pak Agwi-Biznis Genesee Valley nan Batavia; Angaje pou kreye jiska 135 nouvo djòb

Investisman Eta New York la ap konplèman Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Foto pòsyon Fermière nan pak AG yo disponib [isit la](#).

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse ke La Fermière, yon konpayi Fransè familyal ki fabrike yogout ak desè, ap etabli operasyon pwodiksyon Etazini li nan Eta New York. Konpayi an te angaje pou konstui yon etablisman pwodiksyon yogout ak desè abaz pwodui letye 45,000 pye kare nan Pak Agri-Biznis Genesee Valley a nan Batavia, avèk plan pou plis ekspansyon alavni. Pa konsekan, La Fermière, prevwa kreye jiska 135 nouvo travay nan rejyon an. Anplis, konpayi an ap itilize plizyè milyon liv lèt fèmeye pwodui letye New York yo founi pou kreye pwodui letye ki rekoni mondyalman li yo. Agribiznis se yon pilye prensipal nan plan "Finger Lakes Forward" ki konsevwa lokalman an, yon plan konplè k ap travay pou revitalize epi devlope ekonomi rejyonal la.

"Nou fyè pou nou akeyi La Fermière nan Konte Genesee, k ap pote djòb ak opòtinite nan rejyon Finger Lakes la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman sa montre ke plan rekiperasyon ekonomik odasye nou an pou Finger Lakes la ap fonksyone, k ap atire nouvo biznis epi ede kominote atravè rejyon an devlope epi pwospere."

Fonde nan Masèy, Frans an 1952, Gwoup Tarpinian te achte konpayi an, an 2002. Nan mitan fen 2010, La Fermière te kòmanse travay ak yon anbalè asosye ki baze nan eta New York nan yon efò pou pote yogout ki anbale nan fason dirab li yo nan mache Ameriken an. Konpayi an te konsidere sit nan tout peyi a pou etablisman fabrikasyon modèn li a men li te chwazi New York, grasa sipò konsantre alafwa Eta ak patnè devlopman ekonomik rejyonal li yo.

Direktè Egzekitif ak PDG La Fermière la, Jean-Jacques Tarpinian, te deklare, "Nou kontan anpil pou lanse pwojè konstriksyon premye etablisman pwodiksyon yogout ak desè nou nan Batavia, New York. Gwo sipò sa de eta a ak ekip GCEDC a te vrèman ede nou nan desizyon nou. Sit Batavia a reponn ak egzijans prensipal nou pou reyisit: lèt dekalite ak gwo apwovizyonman krèm, sant lojistik ak disponiblite mendèv. Lè nou pre elvè yo, nan sant pwodiksyon lèt, se te kle pou nou, paske n ap itilize jiska 6 milyon galon lèt chak jou. Prezans nou pandan senk ane nan mache Etazini an te devlepe pi plis pase atant nou. Etablisman modèn sa ap ede objektif ki anbisyè anpil nou an nan mache Etazini an, ki ofri gwo opòtinite lè nou fabrike pi bon yogout ak desè natirèl, ak resèt ak pwosesis ki inovan."

Komisè Pwovizwa epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral deziyen Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Nouvo izin La Fermière la nan Batavia ap kore elvè lokal yo, ajoute djòb ki byen peyi k ap sipòte kwasans ak siksè kontini, epi franfòse baz agrikòl rejyon an pi plis. Desizyon konpayi an pou tabli etablisman pwodiksyon li a isit la se plis prè ke nan Eta New York se yon lidè nan agribiznis."

Steven G. Hyde, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral pou Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee, te deklare, "Desizyon La Fermière pou etabli operasyon Etazini y onan Konte Genesee demontre ke envestisman nan sit ki pare pou demaraj tankou Pak Agribiznis Genesee Valley yo atire konpayi nan New York. Nou kontan anpil pou travay ak La Fermière pou wè pwojè sa rive nan siksè pandan n ap kontinye devlope mendèv fabrikasyon aliman ak bwason nou an. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, biznis yo jwenn bon sit ak kominote ki pare nan New York pou kwasans yo."

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Nou fyè pou akeyi La Fermière nan Eta New York pandan y ap devlope biznis yo nan Konte Genesee, yon gwo gen pou pwodui letye nan Eta New York. Lè li chwazi New York, La Fermière te mete aksan sou fòs ak divèsite sektè pwodui letye eta nou an, ki kontinye atire nouvo biznis epi pwodui letye ki delisye, klas mondyal pou tout rejyon an pwofite. Lè nou genyen etablisman pwodiksyon Etazini La Fermière ki sitiye nan New York, sa ap kreye nouvo demann djòb pou lèt fèmnye pwodui letye New York yo, ki se yon sitiasyon tout moun genyen pou fèmnye pwodui letye ak kominote nou yo. Nou pa ka tann pou patenarya ak La Fermière la pandan y ap plante rasin yo isit la epi nou enpasyen pou wè siksè ak ekspansyon kontini Pak Agri-biznis Genesee Valley a."

Senatè Edward A. Rath III, te deklare, "Kreyasyon djòb nan kominote nou an enpòtan anpil. Ekonomi nou an te lite pandan pandemi an, pou kreye nouvo opòtinite k ap ede nan revitalizasyon. Mwen felisite La Fermière dèske li mete pwodiksyon li nan Konte Genesee epi mwen felisite Batavia pou gwo opòtinite sa."

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Arive La Fermière nan Pak Agri-Biznis Genesee a nan Batavia se yon lòt siy ke rejyon nou an se vrèman yon sant agribiznis k ap boujonnen nan Eta New York. Kapasite Pak Agri-Biznis Genesee Valley a pou pèmèt fabrikasyon yo itilize pwodui letye bon kalite lokal nou an, te ede sèvi tranplen pou ekonomi riral nou an nan pwochè jenerasyon an, k ap mete plis pwodui elvè nou yo nan magazen nan tout peyi a epi bay djòb pou mendèv ki pi kalifye nou an. Se te yon

aktif enkwayab nan devlopman ekonomi riral nou an, epi siksè li se yon testaman nan kalite sa fèmeye nou yo kapab ofri pou konpayi k ap chèche pwodui nan yon nivo an mas."

Prezidan Lejislati Konte Genesee Shelley Stein te deklare, "Mèsi a Gouvènè Hochul dèske li oryante La Fermière nan Konte Genesee epi konstui yon lòt opòtinite pou gran karyè pou jenès nou an. Investisman La Fermière, ak investisman resan O-AT-KA Milk Products, Dairy Farmers of America, HP Hood, Upstate Niagara Cooperative, ak Yancey's Fancy montre ke Konte Genesee se kote ideyal pou kwasans devlopman pwodui letye. Investisman sa yo gen yon enpak pozitif anpil pou fanmi elvè nou yo, travayè agrikòl wotman kalifye ak devwe yo, ekonomi agrikòl wobis la ak kominote ka ap akeyi yo."

Sipèvizè Vil la, Greg Post te deklare, "Vil Batavia kontan pou akeyi yon lòt investisman nan ekonomi agri-biznis nou an. Pwodui bon kalite La Fermière yo ak operasyon yo byen adapte ak sant trètman pwodui letye kominote nou an, fòmasyon mendèv solid, ak angajman pou sipòte kwasans biznis."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Chanm Komès Greater Rochester a ak Denise Battles, Prezidan SUNY Genesee, te deklare, "Endistri lèt la se yon gwo motè nan ekonomi lokal la. Sa se gwo nouvèl pou Konte Genesee ak pou rejyon an ann antye. Nou vle remèsye La Fermière dèske li chwazi fè investisman enpòtan sa nan Pak Af k ap pwospere a paske pwojè sa ap kreye opòtinite travay solid epi, an menm tan, sipòte sektè elvaj pwodui letye solid la ki disponib nan tout rejyon Finger Lakes la."

Catharine Young, Direktè Egzekitif Sant Ekselans pou Manje ak Agrikilti (Center of Excellence for Food and Agriculture) nan Cornell AgriTech, Eta New York, te deklare, "La Fermière se yon konpayi yogurt premye klas, epi nou kontan ke y ap devlope djòb, kwasans ekonomik ak sektè pwodui letye a nan Lwès New York. Kounye a plis ke jamè, konsomatè nou yo bezwen manje ki pwodui lokalman, epi fèmeye nou yo bezwen debouche pou lèt yo ogmante pwofi yo. New York kontinye eta agrikòl lidè nan Nòdès la, epi Cornell University rete pare pou pataje vas ekspètiz li nan devlopman ekonomik, syans aliman, pwodiksyon letye, ak devlopman mendèv pou ede konpayi ak sektè pwodui letye a devlope epi pwospere. Nou enpasyan pou kontinye travay ansanm avèk La Fermière pandan y ap ogmante liy pwodui yo epi konstui nouvo izin modèn yo a nan eta nou an. Chapo ba pou chak moun ki te travay antanke yon ekip pou fè pwojè sa vin yon reyalyte."

Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Ekspansyon La Fermiere nan Pak Agri-Biznis Genesee Valley a nan Batavia plase yo nan kè pwodui letye Eta New York la, ak aksè nan yon chèn apwovizyonman ki konplètman entegre pou ede yo ak lojistik. La Fermiere rejwenn plis pase 250 konpayi ak founisè manje ak bwason nan rejyon Greater Rochester, NY la, ki eksplwate resous agrikòl rich kominote a, resous Rechèch ak Devlopman klas mondyal, ak mendèv ki byen fòme nan fabrikasyon presizyon, enjenyeri, ak anbalaj."

PDG ak Direktè Egzekitif Invest Buffalo Niagara, Tom Kucharski te deklare, "Nou kontan anpil pou akeyi La Fermière nan Lwès New York. La Fermière rejwenn gwoup pwodiksyon manje ak pwodui letye k ap pwogrese rejyon an, youn nan sektè ki pi solid nan peyi a gras ak mendèv solid li, abòdabilite, pwoksimite ak gwo mache yo, aksè nan chèn apwovizyonman, ak plis toujou. Desizyon li valide tou kapasite nou pou atire konpayi entènasyonal yo epi aji kòm yo pòt antre nantirèl pou mache Amerik Dinò a."

Pou plis enfòmasyon sou La Fermière, vizite: <https://www.lafermiere.us/>.

Pou plis enfòmasyon sou Pak Agri-Biznis Genesee Valley a, vizite: <http://www.gcedc.com/AgPark>.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418